



## SL – Extension

Alternatives Analysis



# Ànaliz sou Altènativ Ekstansyon Silver Line Reyinyon Piblik Vityèl

**DAT :**

**Madi 27 avril  
2021, 6:00  
diswa**

**KI KOTE :**

**REYINYON  
PIBLIK VITYÈL  
(ZOOM)**

**SÈVI AVÈK LYEN  
SA A POU  
ENSKRI DAVANS**

**PÒTAY ENTÈNÈT PWOJÈ A  
[MBTA.com/SLX](https://www.mbta.com/SLX)**

## Ede nou chwazi kisa Silver Line la pral ye !

Ànaliz sou Altènativ Ekstansyon Silver Line la (SLX, ki vle di “Silver Line Extension”), se yon etid pou gade posiblite, avantaj, ak depans ki nesèsè pou pwolonje Silver Line la pou sèvis li rive nan Everett ak nan kominote ki toupre li yo.

### Kisa ki objektif reyinyon sa a ?

Objektif reyinyon sa a, se pou prezante yon apèsi so pwojè a, kidonk kisa nou jwenn jouk jodi a, ak pou konnen kisa kominote a genyen pou li di.

### Kouman mwen kapab pote kontribisyon mwen ?

Nan pami opòtinite pou pote kontribisyon ou pandan reyinyon an, pral genyen : yon pale sou bezwen, rezon, ak objektif pwojè a ; sa nou jwenn jouk jodi a ; epi ki aliyman ki pral nesèsè pou konnekte Chelsea avèk Everett, Somerville, Cambridge, ak / oswa anba lavil Boston. Nou pral mande reyaksyon moun avèk sondaj anliy n ap fè pandan reyinyon an, ak nan yon fòmilè repons anliy, ou ka jwenn nan pòtay entènèt pwojè a pandan kèk semenn anvan ak apre reyinyon an.

Tanpri, sèvi avèk lyen an pou enskri davans pou reyinyon sa a. Apre ou enskri, ou pral resevwa yon konfimasyon nan mesaj elektwonik k ap ba ou enfòmasyon sou jan pou ou vin patisipe nan reyinyon an. Gen yon anrejistreman reyinyon an ki pral afiche tou, pou moun ki pa te kapab vin patisipe yo. Ou mèt voye kesyon nan mesaj elektwonik tou, nan adrès [SLX@MBTA.com](mailto:SLX@MBTA.com).

Pou plis enfòmasyon sou Ànaliz sou Altènativ SLX la, ou mèt ale nan adrès [MBTA.com/SLX](https://www.mbta.com/SLX)

Building a better T.



### ARANJMAN

Reyinyon piblik la aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa fin pale angle byen. Pral genyen aranjman pou aksè ak pou sèvis tradiksyon pou moun ki mande, lè sa posib. Nan pami sèvis sa yo, genyen dokiman nan fòm altènativ, dokiman ki tradwi, soutit, ak entèprèt. Pou plis enfòmasyon, oswa pou mande fè aranjman rezonnab pou ou, ak / oswa pou jwenn sèvis tradiksyon, voye yon mesaj elektwonik nan adrès [SLX@MBTA.com](mailto:SLX@MBTA.com), oswa rele nimewo (617) 651-1363 anvan **dat 16 avril la pase**.